

**Зауэм илыпщIа щIалэгъуэ**

2-нэ нап.





**Коронавирусым кIэлъыплъынымкIэ КъБР-м и оперативнэ штабым къет**

2-нэ нап.

**ТВ НЭТЫНХЭР**

3-4-нэ нап.

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№1 (24.283) • 2022 гъэм щIышылэм (январым) и 11, гъубж • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ

**Урысейм и прокуратурэр илъэс 300 зэрырикъум папщIэ**



2-нэ нап.

# Къэрал дамыгъэхэр иратыж

**ИлъэсыщIэр къихьэным и пэ къихуэу Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек республикэм и зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщIа экономикэм, социальнэ унэтIыныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэм я лэжьакIуэхэм къэрал дамыгъэхэр яритыжащ.**



ГУФIЭГЪУЭ зэхыхьэм кърихьэлIащ КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ я унафэщIхэу **Еговэ Татьянэрэ Мусуков Алийрэ**, республикэм и Iэтащхьэм и Администрацэм и унафэщI **Къуэдзокъуэ Мухьэмэд**, Къэбэрдей-Балъкъэрым щыIэ къэрал инспектор нэхъыщхьэ **Мэкъуауэ Тимур**, щIыналъэ кIэлъыплъакIуэ, хабзэхъумэ IуэхущIапIэхэм я унафэщIхэр.

Къэрал дамыгъэ лъапIэхэр къыхуагъэфэщащ я IэщIагъэм зэфIэкI лъагэхэр къыщызыгъэлъэгъуа цIыху 60-м щIигъум. ЯгъэлъэпIахэм ящыщщ дохутырхэр, егъэджакIуэхэмрэ щэнхабзэм и лэжьакIуэхэмрэ, къегъэлакIуэхэмрэ спортсменхэмрэ, ухуакIуэхэмрэ энергетикэм и лэжьакIуэхэмрэ, финансистхэмрэ юристхэмрэ, щIэныгъэлIхэмрэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лIыкIуэхэмрэ.



- Илъэс блэкIар абы и пэ къитам хуэдэу республикэм и мызакъуэу, дэтхэнэ зы цIыхуми и дежкIэ тыншакъым. Пандемием дызытета гъащIэ ублэкIэм зригъэхъуэжащ, ди мурадхэм иджыри зэ дыхэплъэжын хуей хъуащ. Ауэ, а псом емылъытауэ, къапщтэмэ, 2021 гъэр ехъулIэныгъэкIэ къетхьэлIауэ жыпIэ хъунущ, - захуигъэзащ КIуэкIуэ Казбек къызэхуэсахэм. - Республикэм и экономикэр ефIакIуэ зэпытщ. Илъэсым уриплъэжмэ, валовэ щIыналъэ продукцэр сом мелард 205-м щIигъуащ. Ар илъэситI и пэ щыIам нэхърэ процент 20-кIэ нэхъыбэщ. Ебгъапщэмэ, 2019 гъэм а бжыгъэр сом меларди 171-рэ хъууэ арат.

ЕхъулIэныгъэшхуэхэр щызыIэрагъэхьащ агропромышленнэ комплексым. Мэкъумэш хозяйствэм и продукцэу къыщIагъэкIар сом мелард 68-м нэблэгъащ, е нэгъабэрейм и процентi 110-рэ. Псы зыщIагъэхьэ щIыналъэхэр нэхъыбэ зэрыхъуам и фIыгъэкIэ гуэдзу къытрахар процентi 10-кIэ хэхъуащ (псори зэхэту тонн 1356-рэ). ПхъэщхьэмыщхьэхэкI продукцэри нэхъыбэ хъуащ - къызэрабжамкIэ, тонн мин 885-рэ къытрахащ.

Турист унэтIыныгъэми жыджэру зыужьыныгъэ егъуэт. Мы гъэм республикэм зыгъэпсэхуакIуэ къэкIуахэм я бжыгъэр зы мелуаным щIигъуащ. Абы дыщынэсыну ди мурадар 2024 гъэм ирихьэлIэут.

Илъэсым къриубыдэу псэупIэ метр зэбгъузэнатIэ мин 514-рэ яухуащ. Розницэ сатур сом меларди 180-м хуэкIуащ - ар илъэс блэкIам нэхърэ процент 25-кIэ нэхъыбэщ. Апхуэдэ дыдэ бжыгъэхэм дыщыпоплъэ пщIэ зыщIат Iухутхьэбзэхэр цIыхухэм къыщагъэсэбэп унэтIыныгъэми.

А псом, нэгъуэщI куэди къыхэтыжу, я фIыгъэкIэ бюджет системэр зэпIэзэрыту зэтетIыгъащ. Зэхэту республикэм и бюджетыр сом мелард 51-рэ мелуан 710-рэ хъуащ. Ар нэгъабэрейм нэхърэ сом мелуан 880-кIэ нэхъыбэщ.

Республикэ бюджетым езым и хэхъуэу сом мелардрэ мелуан 21-рэ зэриIам и хьэтыркIэ коронавирус уз зэрыцIалэм пэщIэтыным нэхъыбэ хэлъхьэныгъэ хуэтщIыфащ. Абы хуаутIыпщащ сом мелуан 656-рэ. Сом мелуан 476-р госпиталхэм щылажьэ медицинэм и лэжьакIуэхэм я улахуэм халъхьащ.

Коронавирусым щеIэзэ сымаджэщхэм щIэт оборудованэхэр нэхъыфIкIэ яхъуэжащ. Илъэсым къриубыдэу республикэм къыIэрыхьащ рентген, реанимацэ, къызэрапщытэ Iэмэпсымэ пщIы бжыгъэхэр, дэIэпыкъуэгъу псынщIэ автомобилу 17. Псори зэхэту пандемием пэщIэтыным текIуэдащ сом меларди 2,9-м щIигъу.

Шэч хэмылъу, ди нэIэр тедгъэкIакъым лъэпкъ проектхэми. Ахэр гъэзэщIэным хуэдутIыпщащ сом меларди 8-рэ мелуан 450-рэ. Школхэр, сабий садхэр, спорт комплексхэр, щэнхабзэм и унэхэр ухуэным, къызэгъэпэщыжыным сом меларди 4,2-рэ текIуэдащ.

Унэ кхъахэхэм щIэсхэр къыщIагъэIэпхъукIын папщIэ метр зэбгъузэнатIэ мин 13 хъу фэтэр 293-рэ абыхэм илъэсым къриубыдэу къыхуащэхъуащ. Жыджэру йолэжь гъуэгухэр зэгъэпэщыжынымрэ егъэфIэкIуэнымрэ.

Гулъытэ хэха илъэс блэкIам игъуэтащ цIыхубэм социальнэ дэIэпыкъуныгъэ етыным. Сабий зыщIэс унагъуэхэм защIэгъэкъуэнымкIэ къэрал программэм къызэщIиубыдащ унагъуэ мини 119,5-м щIэс сабий мини 169-рэ. ЕтIуанэ хэхъуэ зэрагъуэтам папщIэ мазэ къэс ират сабий ахъшэм хуаутIыпщащ сом 1 мелардэ мелуан 430-рэ. Абы хиубыдащ сабий мини 10. Илъэси 3-м къыщыщIэдзауэ 7 хъуху мазэ къэс ират дэIэпыкъуныгъэм сом меларди 5,7-рэ хухахащ.

Аращи, 2021 гъэр социально-экономикэ унэтIыныгъэ нэхъыщхьэхэм я зыужьыныгъэм и лъэхъэнэщIэу жыпIэ хъунущ. Ди ехъулIэныгъэ нэхъыщхьэхэм ящыщу къыхэгъэщыпхъэщ жылагъуэ-политикэ щытыкIэ зэпIэзэрытыр зэрытхъумэфар. КъБР-м щыIэ Къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ министерствэм, Урысей Федерацэм и ФСБ-м и управленэм, КъБР-м и Прокуратурэм, УФ-м и Следственнэ комитетым, нэгъуэщI хабзэхъумэ IэнатIэхэм я лэжьыгъэ зэкъуэтым я фIыгъэкIэ жылагъуэ шынагъуэншагъэр, мамыр гъащIэр къызэгъэпэща хъуащ.

- ФIыщIэшхуэ хузощI нобэ дамыгъэ лъапIэ къызыхуагъэфэща дэтхэнэ зыми фи IэщIагъэм фыхуэпэжу, псэемыблэжу фи IэнатIэр зэрефхьэкIым къыхэкIыу, - къыхигъэщащ КъБР-м и Iэтащхьэм. - ИлъэсыщIэ дызытехьэм ехъулIэныгъэ узыншагъэ, насыпрэ берычэтрэ фиIэну сынывохъуэхъу!

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ейхэм къадэкIуэу а махуэм ятыжащ Урысей Федерацэм и дамыгъэ лъапIэхэри. Къэбгъэлъагъуэмэ, «КъБР-Медиа» ГКУ-м и унафэщIым и къалэнхэр зыгъэзащIэ Бежан Беслъэн кърататщ «ЦIыхухэр хэкупсэу къэгъэхъунымрэ 1941 - 1945 гъэхэм екIуэкIа Хэку зауэшхуэм и ветеранхэм я социально-экономикэ Iуэхухэр зэфIэгъэкIыным жыджэру зэрыхэтам папщIэ «1941 - 1945 гъэхэм екIуэкIа Хэку зауэшхуэр зэриухрэ илъэс 75-рэ зэрырикъум» и фэеплъ медалыр. ВГТРК-м и «Къэбэрдей-Балъкъэр» ГТРК-м и унафэщI Къэзанш Людмилэ къыфIащащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыхь зиIэ и журналист» цIэр, Аруан щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэм и къуэдзэ Тхъуэст Жыраслъэн кърагыжащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм мэкъумэш хозяйствэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» дамыгъэр. ЗэIущIэм кърихьэлIа дэтхэнэ зыми хуэфэщэн пщIэ лъагэ игъуэтащ.

**ЖЫЛАСЭ Замир.**



## Ди къуэш республикэхэм

### ПщIэ хуащI

АДЫГЕЙ. ***Адыгэ къэрал университетым Социальнэ технологиехэмрэ туризмэмкIэ и факультетым и магистрант Ешэ Бэллэ «Мейкъуапэ къалэ щIыхь зиIэ и цIыху» цIэ лъапIэр къыхуагъэфэщащ.***

ПЩАЩЭМ волонтёр лэжьыгъэм хэлъхьэныгъэшхуэ хуищIащ сабий зеиншэхэм, зи ныбжь хэкIуэтахэм, унагъуэ хуэмыщIахэм, уеблэмэ псэущхьэ екIуэлIапIэншэхэм ехьэлIа Iуэхугъуэхэр къызэригъэпэщурэ зэрадэIэпыкъумкIэ.

Пандемием зэрыщIидзэрэ ар жыджэру хэтщ «Дэ дызэщIыгъущ» псапэ Iуэхум.

Абы къищынэмыщIауэ, илъэсищым щIигъуауэ пщIэншэу цIыхухэм ядэIэпыкъуным и зэфIэкI, къару, зэман трегъэкIуадэ. АКъУ-м и Студент зэгухьэныгъэм хэту дэзыхьэха Iуэхур иджыри къыхуэгъанэркъым. Псом хуэмыдэу пщIэ нэхъ къэзылэжьыр цIыхухэр карантин щыдагъэтIысхьам абы мейкъуапэдэсхэм яхуищIа Iуэхутхьэбзэхэрщ.

Бэллэ къызэрилъытэмкIэ, цIэ лъапIэр къызэрыфIащар ехъулIэныгъэ къудейкъым, атIэ жэуаплыныгъэ ин зыпылъ гулъытэщ. Ари сэбэп хъунущ зи ужь ит псапэ Iуэхум дяпэкIи къыпищэнымкIэ.



### Москва щагъэлъагъуэ

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. ***КъШР-м щыщ сурэтыщI ныбжьыщIэм и IэдакъэщIэкIхэр УФ-м ФедерацэмкIэ и Советым щагъэлъэгъуащ. Абы щекIуэкIащ сурэтыщI-ныкъуэдыкъуэхэм «Урысейр Iэмал гъунэншэхэм я дунейщ» я гъэлъэгъуэныгъэр.***

«ДИ лъахэгъу ныбжьыщIэхэм я зэфIэкIым иджыри зэ дригушхуэ хъунущ. Черкесск дэт сабий художественнэ школым и еджакIуэ Носович Марие и IэдакъэщIэкIхэр Москва нэсауэ щагъэлъагъуэ», - жиIащ Черкесск къалэ администрацэм и унафэщI Баскаев Алексей.

Марие курыт еджапIэр къиухмэ, архитектор е ухуакIуэ IэщIагъэм хуеджэну и мурадщ.



### ЩIалэгъуалэм я сэбэп зыхэлъ

АБХЪАЗ. ***Республикэм и Посольствэу Урысей Федерацэм щыIэм «Абхъазым и къэкIуэнур» щIалэгъуалэм щадэIэпыкъу центр къыщызэIуахыну я мурадщ. А проектыр ирагъэжьэнущ 2022 гъэм и пэщIэдзэм. Абхъазым щыщ, Москва дэс абхъаз щIалэгъуалэм Посольствэм щылэжьэну центрым зыхуагъэзэну хуитщ еджапIэ щIэтIысхьэным, я IэщIагъэм хагъэхъуэным, пIалъэкIэ Урысейм щылэжьэным теухуа IуэхухэмкIэ.***

«АБХЪАЗЫМ и къэкIуэнур» щIалэгъуалэм щадэIэпыкъу центрым и мурад нэхъыщхьэр абхъаз щIалэгъуалэм защIэгъэкъуэнырщ, Урысей Федерацэмрэ Абхъазымрэ я зэпыщIэныгъэр нэхъри гъэбыдэнырщ.



**НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.**

## КъБР-м и юбилейм и щIыхькIэ





**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэр къызэрызэрагъэпэщрэ илъэси 100 зэрырикъум и щIыхькIэ, 2022 гъэм ахъшэ жьгъей къыдагъэкIащ. Сомищ хъу ахъшэ жьгъейр дыжьыным (925-рэ пробэ) къыхэщIыкIащ.**

САНКТ-ПЕТЕРБУРГ Монетнэ дворым къыщыдагъэкIа жьгъейм и бжыгъэр мини 3 мэхъу.

Ахъшэм и диаметрыр милиметр 39-рэ мэхъу, и гупэмкIэ Урысей Федерацэм и къэрал гербыр, апхуэдэуи «УРЫСЕЙ ФЕДЕРАЦЭ», «БАНК РОССИИ» псалъэхэр тетщ, къызыхэщIыкIар, зэрыхъур, къыщыдагъэкIар тетхащ.

И щIыбагъымкIэ, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэр къызэрызэрагъэпэщрэ илъэси 100 ирокъу» псалъэхэр къыщыхьащ, КъБР-м и Правительствэм и Унэм и сурэтыр тетщ, Iуащхьэмахуэ и сурэтыр и щIыбагъ къыдэту, сэмэгумкIэ республикэм и гербыр плъыжьу тедзащ, и лъабжьэм «ИЛЪЭСИ 100», «КЪЭБЭРДЕЙ-БАЛЪКЪЭР РЕСПУБЛИКЭ» псалъэхэр тетхащ.

**ШЫПШ Даянэ.**

## Сакъыныгъэм къыхураджэ

**Урысейм и МВД-м Шэрэдж щIыналъэм щиIэ къудамэм и лэжьакIуэхэр набдзэгубдзаплъэу кIэлъоплъ щIымахуэ лъэхъэнэм автомобиль гъуэгухэр шынагъуэншэу щыгъэтыным икIи абы епха профилактикэ лэжьыгъэхэр щIыпIэм щрагъэкIуэкI. Иджыблагъэ зэфIэкIащ а унэтIыныгъэм теухуауэ абыхэм къызэрагъэпэщауэ щыта махуипщI лэжьыгъэр.**

АБЫ ипкъ иткIэ полицейхэм ныбжьыщIэхэм драгъэкIуэкIащ гъуэгум щызекIуэ хабзэхэр Iэмал имыIэу гъэзэщIэн зэрыхуейм теухуа псалъэмакъ щхьэпэхэр. Гъуэгум набдзэгубдзаплъэу зэрыщыщытын хуейм щытепсэлъыхьым, къыхагъэщащ пшапэр нэхъ пасэу щызэхэуэ щIымахуэ лъэхъэнэм абы псом хуэмыдэу мыхьэнэшхуэ зэриIэр. Автомашинэхэр зезыгъакIуэхэм гъуэгум къытехьэ цIыхум гу лъатэн папщIэ, нэхур зыдз, къезыгъэгъэзэж щэкI лIэужьыгъуэхэм щыщ зытеда щыгъынхэр е нэгъуэщI хьэпшыпхэр зэрахьэным. Апхуэдэ щэкIхэр зыкIэрыда портфелхэр, кIагуэхэр зэрахьэмэ нэхъыфIу къалъытащ инспекторхэм.

КъинэмыщIауэ, полицейхэм ныбжьыщIэхэр къыхураджащ ахэр гъуэгум щызэпрыкIкIэ, телефонкIэ мыпсэлъэну, я тхьэкIумэхэм Iулъ зэредаIуэ Iэмэпсымэхэри Iуахыну. Абыхэм сабийхэр ягъэщхьэрыуэнкIэ зэрыхъунур инспекторхэм ягу къагъэкIыжащ адэ-анэхэми.

**ТАМБИЙ Линэ.**

# Пощт музей къызэIуах

**Илъэс блэкIар «зэхуэзыщIыжа» хъыбар щIэщыгъуэхэм язщ Налшык почтамтым и унэм КъБР-м и пощтым и тхыдэ музей къызэрыщызэIуахар.**



«МУЗЕЙР къыщIызэдгъэпэщар пощтзехьэхэр, операторхэр, зэхэзыдзхэр, шофёрхэр, нэгъуэщIу жыпIэмэ, пощтым и лэжьыгъэм къызэщIиубыдэ унагъуэшхуэм къикIуа гъуэгуанэм хуэфэщэн пщIэ хуэтщIын папщIэщ, - жиIащ «Урысейм и пощт» IуэхущIапIэм КъБР-м щыIэ и къудамэм и унафэщI Вэрокъуэ Заур . - Жэщми махуэми зэпыу зимыIэ ди лэжьыгъэм къэралым щекIуэкI зэпыщIэныгъэ къалэн псори къызэщIеубыдэ. Пощтым и лэжьыгъэр нэрылъагъу щыхъумэ, щIалэгъуалэми ар щапхъэ хъарзынэ яхуэхъунущ».

Зи гугъу тщIы музейм фэеплъу къыщIалъхьахэм ящыщщ пощтым къыщагъэщхьэпэу щыта дэфтэрхэр, лIэщIыгъуэ блэкIам зэрылажьэу щыта коммутаторхэр, маркэхэр, мыхъурхэр, открыткэхэр, мэзутI гъэвэжалъэхэр.

Музейм щIалъхьэнухэр щызэхуахьэсыжым ирагъэкIуэкIа лэжьыгъэм дяпэкIи пащэнущ. Пощт IуэхущIапIэм и етIуанэ къатым къыщызэIуаха музейм зэкIэ зыщызыплъыхьыфынур абы щылажьэхэм я закъуэщ. Зэман дэкIмэ, музейм сабийхэри екIуэлIэфын хуэдэу зрагъэубгъуну я мурадщ.

**КЪУДЕЙ Iэминэ.**

**Урысей Федерацэм и цIыхухэр 2022 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм пэублэ дзэ учётым щыгъэувыныр егъэкIуэкIыным и IуэхукIэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

«Дзэ къулыкъур ехьэкIынымкIэ къалэнымрэ дзэ къулыкъумрэ я IуэхукIэ» Федеральнэ законым тету **унафэ сощI**:

1. Къэщтэн мы Указым щыгъуэу:

Урысей Федерацэм и цIыхухэр пэублэ дзэ учётым гъэувынымкIэ комиссэхэу муниципальнэ щIыналъэхэмрэ къалэ округхэмрэ щаубзыхуахэм хэтхэр;

Урысей Федерацэм и цIыхухэр пэублэ дзэ учётым 2022 гъэм гъэувыным пыщIа Iуэхухэр езыгъэкIуэкI, узыншагъэр къапщытэну, абыхэм ящыщу сымаджэщым къащIыкIыу медицинэ IуэхущIапIэхэр.

2. Урысей Федерацэм и цIыхухэр пэублэ дзэ учётым гъэувынымкIэ комиссэхэу муниципальнэ щIыналъэхэмрэ къалэ округхэмрэ щыIэхэм 2022 гъэм щIышылэм и 1-м къыщыщIэдзауэ гъатхэпэм и 31 пщIондэ ирагъэкIуэкIын хуейщ 2005 гъэм къалъхуа, апхуэдэу зи ныбжькIэ абыхэм нэхърэ нэхъыжь цIыхухэу пэублэ дзэ учётым щымытхэр, ауэ щытын хуейхэр учетым гъэувыныр хуэунэтIа лэжьыгъэхэр.

3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм хуэгъэувын Урысей Федерацэм и цIыхухэу пэублэ дзэ учётым ягъэувын хуейхэм я узыншагъэр къызэрапщытэну медицинэ IуэхущIапIэхэм я лэжьакIуэхэр абы къыщыхэтын пIалъэхэр игъэбэлджылыну.

4. Чэнджэщ етын:

2005 гъэм къалъхуахэр, апхуэдэу зи ныбжькIэ абыхэм нэхърэ нэхъыжь дзэ учётым щымыт, ауэ щытын хуей цIыхухэр щатхыну щыпIэхэм и чэзум екIуэлIэн папщIэ зыхуей унафэр зэгъэхуэнымкIэ муниципальнэ органхэм, IуэхущIапIэхэм къызэрагъэпэщыну;

КъэралкIуэцI IуэхухэмкIэ министерствэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм и пщэ къыдэхуэ къалэнхэр игъэзащIэурэ Урысей Федерацэм и цIыхухэу пэублэ дзэ учётым увыным щыхэдзыдзэр къэлъыхъуэнымкIэ щIэгъэкъуэн хъуну;

5. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЩэнхабзэмкIэ и министерствэм хуэгъэувын пэублэ дзэ учётым гъэувыным пыщIа Iуэхухэр зэрекIуэкIыр республикэм и цIыхубэ къэбарегъащIэ IуэхущIапIэхэм къыщагъэлъагъуэныр къызэригъэпэщыну.

6. Мы Указым къару егъуэт абы Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ** **КIУЭКIУЭ Казбек**

*Налшык къалэ*
*2021 гъэм дыгъэгъазэм и 24-м*
*№135-УГ*

**Догуэ Мурат Владимир и къуэр Май суд районым и суд участкэ №2-м и зэзыгъэкIуж судыщIэм и къулыкъум гъэувыным теухуауэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

«Урысей Федерацэм и зэзыгъэкIуж судыщIэхэм я IуэхукIэ» Федеральнэ законым и 7-нэ статьям, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 100-нэ статьям и I-нэ Iыхьэм и «и» пунктым япкъ иткIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI**:

1. Догуэ Мурат Владимир и къуэр Май суд районым и суд участкэ №2-м и зэзыгъэкIуж судыщIэм и къулыкъум щыпэрытыну зэманым пIалъэ имыIэу гъэувын.

2. Мы Унафэм къару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщI** **ЕГОРОВЭ Татьянэ**

*Налшык къалэ*
*2021 гъэм дыгъэгъазэм и 23-м*
*№415-П-П*

**Сэхъурокъуэ Мурат Хьэутий и къуэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэзыпщытэ-къэзыбж палатэм и аудитору гъэувыным и IуэхукIэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Сэхъурокъуэ Мурат Хьэутий и къуэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэзыпщытэ-къэзыбж палатэм и аудитору гъэувыным теухуауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэзыпщытэ-къэзыбж палатэм и унафэщIым къыхилъхьам хэплъауэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 100-нэ статьям и 1-нэ Iыхьэм и «л» пунктым, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэзыпщытэ-къэзыбж палатэм и IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым 6-нэ статьям и 3-нэ Iыхьэм япкъ иткIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI**:

1. Сэхъурокъуэ Мурат Хьэутий и къуэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэзыпщытэ-къэзыбж палатэм и аудитору илъэсих пIалъэкIэ гъэувын.

2. Мы Унафэм къару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщI** **ЕГОРОВЭ Татьянэ**

*Налшык къалэ*
*2021 гъэм дыгъэгъазэм и 23-м*
*№416-П-П*

# Зауэм илыпщIа щIалэгъуэ

**1943 гъэм щIышылэм и 11-м пщэдджыжьым сыхьэтыр 4-м советыдзэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыналъэм нэмыцэ-фашист зэрыпхъуакIуэхэр ирахужащ.**



ХЭКУ зауэшхуэм и лъэхъэнэм къэралыр псэзэпылъхьэпIэ щихуэм, ди цIыхухэр зэщIэтаджэри, зылI и быну бий ерум пэщIэувващ. Зауэ IэнатIэм къикI письмо щимэ цIыкIухэм къызэраIуатэмкIэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ ди щIалэхэри, лIыхъужьыгъэ зэрахьэу, бийм япэщIэтащ. Нэмыцэ-фашист зэрыпхъуакIуэхэм къэмылэнджэжу езэуахэм ящыщщ Алътуд къуажэм дэса Нэгъуей Хьэчим НэIиб и къуэри.

Зи гугъу тщIы жылэм дэт курыт еджапIэм еянэ классыр 1939 гъэм къыщиуха нэужь, пхъащIэ IэщIагъэр щызэригъэгъуэтыну ар щIотIысхьэ Налшык къалэм а лъэхъэнэм дэта мэкъумэш техникумым, абдежым комсомолым щыхохьэ. Хьэчим жэрдэм узыншэхэр къыбгъэдэкIырт, Iуэху щхьэпэхэм я зэхэублакIуэт. Ещанэ курсым нэсауэ, Хэку зауэшхуэр къэхъеящ.

И ныбжьыр илъэс 20 щрикъум, Хьэчим, зыщIэтIысхьа еджапIэр къимыухауэ, щIалэ дыдэрэ щхьэгъуси къимышауэ, 1942 гъэм дзэм дашащ.

Нэгъуейр япэщIыкIэ, адрейхэм я гъусэу, зауэ хуэIухуэщIэхэм хуагъэхьэзыр, мащIэу хурагъаджэ. Сэлэтхэр махуэ къэс мэз лъапэм щагъасэрт, топ гъэуэкIэм, зауэм и Iэмалхэм, и щэхухэм хагъэгъуазэрт. Хьэчим и ныбжьэгъухэм закъыкIэригъэхуртэкъым, нэхъ пашэхэм щапхъэ ятрихырт, и командирхэм я щытхъу къихьырт, и зэфIэкIми, и зэхэщIыкIми хигъахъуэ зэпытт. ПсэзэпылъхьэпIэ щихуа сыхьэтхэм а псори къыхуэщхьэпэжащ.

Алътуд къуажэ къыщыхъуа щIалэщIэр, сержант къыфIащри, лъэсыдзэ полкым ягъакIуэ. Абы здыхэтым, Хьэчим жэуаплыныгъэ зыпылъ пщэрылъхэр къыщащIырт, и командирхэм я дзыхь кърагъэзырт, езыми и пщIэр иIыгъыжт.

Къыхэбгъэщ зэрыхъунумкIи, Къэбэрдей-Балъкъэрым икIа ди щIалэхэр къэралым и щIыпIэ куэдым щызэуащ. Абыхэм я адэ-анэхэм, Iыхьлыхэм, ныбжьэгъухэм къыхуатхырт текIуэныгъэр къахьу я щIыналъэм къызэрагъэзэжынур, я псэм дыхьэ лэжьыгъэм зэрыпэрыувэжынур. Хьэчими къитх тхыгъэ мащIэхэм щыжиIэрт зэрыпхъуакIуэхэм ерыщу зэрапэщIэтыр, зыхэт частым и зауэлIхэр зэрызэкъуэтыр, бийр зытрамыгъэкIуэн папщIэ яхузэфIэкI къызэрамыгъанэр.

- Дэфтэрхэм къызэрыхэщыжымкIэ, ди адэр 8-нэ ударнэ армэм и 47-нэ мотострелковэ дивизэм хыхьэ дзэлI гупхэм ящыщ зым (отделенэм) и Iэтащхьэу ягъэуват икIи, зэхэуэ гуащIэхэм щызэрихьэхьа лIыгъэм къыпэкIуэу, Вагъуэ Плъыжь орденыр къыхуагъэфэщат, - жеIэ мы тхыгъэм зи гугъу щытщIхэм я нэхъыбэм щыгъуазэ дахуэзыщIа, Нэгъуей Хьэчим ипхъу нэхъыжь Нэфисэт.

- Нэфисэт, апхуэдиз зэман дэкIауэ фи адэм и Iуэху къэпIэтыжыным сытым утригъэгушхуа?

- Интернетым сыкъыщеджат зауэшхуэм лIыгъэ щызезыхьахэм я дэфтэрхэр щызэхуахьэсыж IуэхущIапIэ Москва къызэрыщызэIуахым теухуауэ, ахэр абдеж щагъэлъэгъуэн, щахъумэн мурадкIэ. А хъыбарым сыкъыщеджэм, зэуэ сигу къэкIащ: «Ди адэми лIыхъужьыгъэ зэрызэрихьар щытщIэкIэ, а Iуэхум ехьэлIауэ щыIэнкIэ хъуну дэфтэрхэм сытым щхьэкIэ дымылъыхъуэрэ?» - жысIэри. ИкIи, яужь сихьэри, ди къэралым ЗыхъумэжыныгъэмкIэ и министерствэм и лэжьакIуэхэм къысхуагъуэтыжащ ди адэр уIэгъэ щыхъуауэ щыта фронтыр зыхуэдэми, сымаджэщым къыщыщIатхыкIыжауэ щытами я щыхьэт тхылъхэр, - жеIэ Нэфисэт.

- Нэгъуей Хьэчим унагъуэ щызэригъэпэщар зауэ нэужьыр ара?

- АтIэ. Ди адэм быних дыриIащ. Дэлъхумрэ зы шыпхъумрэ дунейм ехыжащ. Сэ, псоми я нэхъыжьыр, зауэ нэужьым илъэси 9 дэкIауэщ дунейм сыкъыщытехьар. Япэ зэшыпхъуитIыр унагъуэ дихьа иужькIэ, ещанэр, Тамарэ, ди адэм нэхъ бгъэдэсу къекIуэкIати, зауэм щилъэгъуахэм теухуауэ абы нэхъыби зэхихыжат. Тамарэ къызэриIуэтэжымкIэ, ди адэр, игу къызэфIэнэурэ, куэдрэ тепсэлъыхьыжырт мы иджыпсту къыжысIэжынухэм:

«Хэку зауэшхуэм и япэ махуэхэм къыщыщIэдзауэ, напIэзыпIэу бийр къызэрыттеуам дэ дыхуэхьэзыртэкъым. Фашистхэм хьэуами щIылъэми дащыпэмылъэщ щыIащ. Нэмыцэхэр я бжыгъэкIи техникэкIи нэхъыбэт. Дыпэмыплъауэ къызэрыкъуэхщ, уафэмкIэ кърадзыха лагъымхэмкIэ дызэхакъутэри, дыкъаухъуреихьат. Танк куэд зыщIыгъу лъэсыдзэу зы дивизэ псо а щIыпIэм кърашэлIат. Топхэр, лагъымыдзхэр зэпымыууэ къытхэуэрт, кхъухьлъатэхэм бэуапIэ къыдатыртэкъым. Нэмыцэхэр гъунэгъуIуэщи, шэр нартыху пIэнкIым хуэдэу къыттолъалъэ. Бийм хэщIыныгъэшхуэ еттами, зэрынэхъыбэм къыхэкIыу, дапэлъэщакъым...

Зауэр хьэлъэ Iейуэ щекIуэкIым, зэрызытхъумэжын щIагъуи къытIэщIэмынэжауэ, щIытIым зыщызыудыгъуа цIыху зытхухым Iэщэу тIыгъхэм шэ зырыз къинэжати, ди унафэщIхэм ящыщ зым «фи щхьэм хуэфхъумэж» къыджиIауэ щытащ, апхуэдизу псэзэпылъхьэпIэт дызэрыхуа щытыкIэри. Абдежым, дызэрыс мащэм, куэд дэмыкIыу, кхъухьлъатэ къыщхьэщылъатэщ, лагъымхэр къытхидзэу щIидзэри, тщыщ куэд хиукIыкIащ. А махуэр хуабжьу гуихт икIи гухэщIт.

Абы иужькIэ, куэд дэмыкIыу, мо зэбградзахэм танкхэр къытщхьэщыхьэжри, исахэр къикIащ. Къыдбгъэдыхьэри, уIэгъэ хьэлъэ хъуахэм ящыщу нэхъ къыхэщэIукIхэм шэр трагъэлъалъэу хуежьащ. Сэ сыщыукIуриям деж бийм и сэлэтищ къэкIуатэри, зи псэ еджэу къызбгъэдэлъхэр зы къэмынэу яукIащ. ФIи фIэщ зэрыхъун, апхуэдизу сыкъэгузэвати, къысщына шинелым и зы кIапэр си жьэм быдэу жьэдэзубыдат, макъ гуэри къызэрызмыгъэIуным сыхущIэкъуу. Си лъакъуэрат лъыкI-псыкIыу удын хьэлъэ зытехуари, къытщхьэщыхьахэм ящыщ зыр лъакъуэкIэ къытеувэри, и къару къызэрихькIэ хиIуэнтIыхьу хуежьащ. Дакъикъэ зы-тIущым кърибыдэу щэ-плIэ къыскIуэцIытIыхьами арагъэнт ар, ауэ, а тIэкIум апхуэдизу си гумрэ си лымрэ игъэузати, медан бжыгъэр илъэс хьэзабу къысщигъэхъуат, игъащIэкIи сщымыгъупщэжыну», - яжриIэжырт лIыхъужьым зауэм зэрыхэтам теухуауэ къеупщIхэм.

Зэшыпхъухэм къаIуэтэжа хъыбарым адэкIэ къызэрыхэщымкIэ, Нэгъуей Хьэчим зэуапIэу къыздинам нэмыцэхэр хэкIыжа иужькIэ, совет армэм и санитаркэхэр кIуэри, зи псэ Iутхэр губгъуэм кърахащ, сымаджэщым икIэщIыпIэкIэ нагъэсыну. ИкIи, къыкъуахыжа дэфтэрхэм зэритымкIэ, удын хьэлъэ зытехуа Нэгъуей Хьэчим ди къэралым и гъущI гъуэгухэм ящыщу Калинин и цIэр зезыхьэм тет Фировэ станцым деж мафIэгум щаIэтри, дзэлIхэм щеIэзэ сымаджэщым нашэсащ.

Абдежым лIыхъужьым куэдрэ къыщеIэза иужькIэ, «Хэку зауэшхуэм 2-нэ гупым къитIасэ фэбжь (никъуэдыкъуагъэ) къызэрыхихамкIэ» нагъыщэр зытегъэуа тхылъ къыIэщIалъхьэри, и унэ къаутIыпщыжащ.

- Ди адэ Нэгъуей Хьэчим 1943 гъэм, иджыри щIалэ дыдэу, никъуэдыкъуэ зэрыхъуам, абы иужькIэ дзэм къыхагъэкIыжу къуажэм къызэрырагъэгъэзэжам теухуауэ къэзыулъэпхъэщыжахэм си шыпхъухэри щыгъуазэ сщIащ, дэфтэрыр ди къуажэ вонкоматым и архивми хезгъэлъхьащ, сызыдэс Прохладнэ къалэм щыдиIэ музейми щIезгъэлъхьащ, - къыпещэ адэкIэ Нэфисэт и псалъэм. - Я гуэныхь сыхуейкъым, ди адэр гъэ къэси къуажэм щагъэлъэпIащ, и пенсэхэри кърататщ, дохутырхэри, зэпыу ямыIэу, къыкIэлъыплъащ. АрщхьэкIэ, Хэку зауэшхуэм никъуэдыкъуэ щыхъун ипэ къыхуагъэфэщауэ щыта дамыгъэхэр къыIэрыхьэжатэкъыми, ар и гукъеуэу куэдрэ екIуэкIащ. «СиIащ!» жыпIэкIи, зыри ищIыстэкъым цIыхум я дежкIэ. Тхылъ уимыIэмэ, ордену кърататын хуеяри къыIэрымыхьэжамэ... Абы щхьэкIэ зэгуэпу лIыжьыр псэуащ. ЖыпIэнур арамэ, и Iуэхур къаIэтыжыным ди адэр куэдрэ пэплъащ...

Нэфисэт щыгъуазэ дызэрищIамкIэ, Нэгъуей Хьэчим дзэм къыхэкIыжа иужькIэ, ЗыхъумэжыныгъэмкIэ министерствэм къыбгъэдэкIыу кърататщ «Германием зэрытекIуам папщIэ» медалыр, «ЩIыхьым и орден» 1-нэ нагъыщэ зиIэр, «Хэку Зауэшхуэм и орден» 2-нэ нагъыщэ зиIэр, нэгъуэщI тыгъэ лъапIэхэри, дэтхэнэми я номерхэр зэрыт тхылъхэри ядэщIыгъужу.

Къызэрыщыхэдгъэщащи, Нэгъуей Хьэчим 1943 гъэм дзэм къыхагъэкIыжа иужькIэ, къыщалъхуа Алътуд къуажэм къегъэзэж. ИкIи бийм зэтрикъута колхозыр зэфIэзыгъэувэжхэм яхохьэ, хузэфIэкI илэжьу.

Зауэ нэужь лъэхъэнэр гъаблэу, цIыхухэм яшхын ямыгъуэту къекIуэкIащ. АрщхьэкIэ, и гум дыхьэу, и псэм фIэфIу зэгуэр къыхиха IэщIагъэм цIыхур егъэин, егъэлъапIэ. Нэфисэт зэрыжиIэжымкIэ, Нэгъуей Хьэчим пхъащIэ IэщIагъэм хуэIэижьти, колхозри къуажэдэсхэри а лъэхъэнэм нэхъ зыхуэныкъуа IэмэпсымэхэрищIырт, къутахэр зэригъэпэщыжырт.

Зи IуэхущIафэкIэ щытхъу къэзылэжьхэм пщIэ лей къалъыхъуэркъым. Мис абыхэм ящыщт хьэл-щэн дахэ зыхэлъа, Iэдэбу дунейм тета Нэгъуей Хьэчим. Ар апхуэдизкIэ гугъуехьым ипсыхьати, лэжьыгъэми къыпикIуэтынутэкъым, тыншыпIи къилъыхъуэнутэкъым, къыдэлажьэхэм, къуажэдэсхэм ящыщу зыкъыхуэзыгъазэхэм, зэрыхузэфIэкIкIэ, защIигъэкъуэну хьэзырт. Езыр сыт и лъэныкъуэкIи цIыхуфIт, хьэлэлти, зыгуэр къыхуэныкъуэ хъуамэ, я деж дишэнут, щигъэхьэщIэнут.

- ЗэрыжысIащи, бынихми я нэхъыжьыр сэрати, Iейрэ фIырэ схузэхэхыу сыкъызэрыжэпхърэ, ди адэр здэщысым деж сыщетIысэхырти, гугъу ехьу и лъакъуэхэр зэрипхэм щэхуу сыкIэлъыплъырт. ИкIи, гу зэрылъыстауэ, и куэ ижьым деж, сантиметр 20 – 25-рэ хуэдиз зи кIыхьагъын, сантиметри 10 зи бгъуагъын и Iэгъуэблагъэм, лы зыри телъыжтэкъым. Ар слъагъуху къэси, си гур хуабжьу щIэузырт, си нэпсхэми къызэпажыхьырт.

Апхуэдэу ар псэуащ, колхозми хэтащ, цIыхухэми ядэпыкъуащ. ЖыпIэнур арамэ, ди адэм хуэдэу IэкIуэлъакIуэу чий зыху, чейм ехьэлIапхъэхэр къыхэзыбзыкIыф, гудзи, уеблэмэ гум щIалъхьэ шэрхъи зыщIыф ди къуажэ псом дэсакъым, жысIэмэ, сыщыуэну къыщIэкIынукъым. Колхозым нэгъуэщI IуэхухэмкIи зэрыдэIэпыкъуам къищынэмыщIауэ, ар а лъэхъэнэм ди жылэм къыщызэрагъэпэщауэ щыта пионер лагерым и унафэщIуи лэжьащ, къыдекIуэкIахэм фIыуэ къалъагъуу, пщIэ къыхуащIу.

Ди адэ-анэр псэуэгъу щызэхуэхъуам къыщыщIэдзауэ, ди адэр дунейм къыщытехьа махуэу а тIум зэдагъэлъапIэу щытар ТекIуэныгъэм и махуэшхуэ накъыгъэм и 9-рат, езыр къыщалъхуар шыщхьэуIум и 18-р арами. А тIур апхуэдэу зэгурыIуат ди адэм и лъэIукIэ. Дэри, бынхэри, Iыхьлыхэри, абы дытрагъэхьауэ, ди лъапсэжьым накъыгъэм и 9-м дыщызэрихьэлIэжырт.

Дыкъэзылъхуахэм я жьауэм дыщIэмытыжми, ахэр сыт щыгъуи гукIэ тщIыгъущ, абыхэм дызыщIапIыкIа хабзэм дытету дызэрыпсэуным яужь дитщ. Ди адэр сыт щыгъуи щIэхъуэпсырт игъэва зауэ гущIэгъуншэм хуэдэ зэи къэмыхъужыным, цIыхухэр мамыру, зэгурыIуэу зэдэпсэуным. Дэри ди бынхэр, къуэрылъху-пхъурылъхухэр хэкупсэу, я лъахэр фIыуэ ялъагъуу дгъэсащ, - жеIэ Нэфисэт.

Апхуэдэ лъэужь къигъэнащ Хэку зауэшхуэми лэжьыгъэми я ветерану Алътуд къуажэ дэса, 1994 гъэм дунейм ехыжа Нэгъуей Хьэчим НэIиб и къуэм.

**КЪУМАХУЭ Аслъэн.**



# Урысейм и прокуратурэр илъэс 300 зэрырикъум папщIэ

**УФ-м и Президент Путин Владимир и унафэм тету щIышылэм и 12-м ягъэлъэпIэнущ Урысейм и прокуратурэр илъэс 300 зэрырикъур. Абы и ирихьэлIэу Тэрч районым и Мэртэзей жыг хадэм пхъэхуей 300 щыхасащ.**

АПХУЭДЭ жэрдэмыр къыхилъхьащ Тэрч районым и прокуратурэм, щIыналъэ администрацэм Iуэхур къыдиIыгъри, аллее къызэгъэпэщыныр дыгъэгъазэ мазэм щIадзащ. Метри 120-рэ зи кIыхьагъ зекIуапIэм плиткэхэр иралъхьащ, дызыхыхьа илъэсыщIэм щIышылэм и 7-м пхъэхуей жыгыщIэ цIыкIухэр хасащ. Iуэхум жыджэру хэтащ Тэрч район администрацэм и Iэтащхьэ Дадэ МуIэедрэ районым и прокурор НэгъэцIу Заурэ.

Алеем уэздыгъэ ирашэлIащ икIи торшер дахэхэр щагъэуващ. Гъатхэм тетIысхьэпIэхэр щащIынущ. Жыг хадэм къыщызэрагъэпэщынущ сабий джэгупIэ.

**ДЫГУЛЫБГЪУ Жантинэ.**

## Дунейм щыхъыбархэр

### МамырщIэкъухэм я нэIэ щIэтщ

**ИлъэсыщIэм и япэ махуэхэм къэрал куэдым щыпсэухэр игъэгузэващ Къэзахъстаным къыщыхъуам – гъэсыныпхъэм и уасэр зэрыдрагъэуеям къыхэкIыу цIыхухэр уэрамхэм къыдыхьащ. Ауэ я мыарэзыныгъэр къагъэлъагъуэу, щытыкIэм хэкIыпIэ хуэхъунум щIэупщIэу зэбгрыкIыжакъым цIыхубэр.**

«Газыр лъапIэ зэрыхъуар зымыдахэр зы гупщ, ауэ Iэщэ къэзыштэу къэралым теуахэр нэгъуэщI цIыхущ. Абыхэм зэрахуари япэрейхэм я Iуэху зэрыдэкIыныркъым, мураду яIари нэгъуэщIщ, - жиIащ УФ-м и Президент Путин Владимир Къэралхэм шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщынымкIэ я зэгурыIуэныгъэм хэтхэм я япэ зэIущIэу дыгъуасэ екIуэкIам къыщыщыпсалъэм. – Къагъэсэбэпари мыарэзыхэр къызэрызэщIагъаплъэ, ахэр зэрыдаIыгъ щIыкIэу Украинэм щекIуэкIа зэпэщIэтыныгъэм щытлъэгъуа Iэмалхэрщ. Мыбдежым Iуэхум къыхыхьар терроризмэм хурагъэджа щIэпхъаджащIэхэщ».

МамырщIэкъу къарухэр и чэзум Iуэхум зэрыхыхьари, щытыкIэр зэпIэзэрыт хъужыхукIэ ахэр Къэзахъстаным зэрыщыIэнури къыхигъэщащ Президентым.

Щхьэхуэу зэрыпсэу илъэс щэщIым къриубыдэу Къэзахъстаныр иджыщ апхуэдэ гузэвэгъуэ щихуар, жиIащ а хэкум и унафэщI Токаев Къасым-Жомарт. Апхуэдэу абы къыхигъэщащ я къэралым конституцэ хабзэр зэрыщызэфIагъэувэжар икIи щытыкIэр хабзэхъумэхэм я нэIэ зэрыщIэтыр.

### Илъэс 1800-рэ зи ныбжь хьэпшып

**Тыркум щыщ археологхэм Эдирне къыщыщIаха хьэпшыпыр икъукIэ гъэщIэгъуэн къащыхъуащ хамэ къэралхэм щыщ я лэжьэгъу куэдым, а IэщIагъэм ирилажьэхэм яфIэтелъыджэн къэбгъуэтыныр мытыншми.**

Псом хуэмыдэу яфIэтелъыджар абы и ныбжьырщ – илъэс 1800-кIэ узэIэбэкIыжмэ, Адрианополис къалэжьым щыщ урым зауэлIым къигъэсэбэпу щыта нэкIуIулъхьэщ ар. Карабюк университетым археологиемкIэ и кафедрэм и лэжьакIуэ Челикбаш Эрсин зэрыжиIэмкIэ, ар зи унафэщI гупыр щолажьэ быдапIэу щыта щIыпIэм. Апхуэдэу абдежым къыщыщIагъэщыжащ ухуэныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэр – члиситI, хьэмэмитI, театр, кхъэлъахэхэр.

«Абы къикIыращи, урымхэр тенджыз ФIыцIэм а и лъэныкъуэм щымыIауэ жыхуаIэр пэжкъым. Щыхьэт техъуэ хьэпшыпхэр иджыри къыздэсым зэрыщымыIарщ щIэныгъэлIхэм тегъэщIапIэ ящIар. Дэ дымыувыIэу долажьэ икIи шэч къытетхьэркъым гъэщIэгъуэн куэд иджыри къызэрыдгъуэтынум», - жеIэ Челикбаш

**ЩIышылэм и 11,**
*гъубж*

♦ **ФIыщIэ щIыным и дунейпсо махуэщ**

♦ **Урысейм и мэзгъэфIэнхэмрэ (заповедникхэмрэ) лъэпкъ паркхэмрэ я махуэщ.** 1917 гъэм Урысейм къыщызэрагъэпэщащ япэ мэзгъэфIэныр - Баргузин щIыпIэм (Бурятие) псэущхьэхэр хъумэным хуэщIа къэрал IуэхущIапIэм лэжьэн щыщIидзащ.

♦ **1943 гъэм** Къэбэрдей-Балъкъэрыр нэмыцэ-фашист зэрыпхъуакIуэхэм къыIэщIагъэкIыжащ.

♦ **1943 гъэм** советыдзэхэм Псыхуабэ, Железноводск, Минеральные Воды къалэхэр хуит къащIыжащ.

♦ **1995 гъэм** УФ-м и Къэзыбж палатэр къызэрагъэпэщащ. Абы и япэ унафэщIу ягъэуващ **Къэрмокъуэ Хьэчим.**

♦ **1890 гъэм** къалъхуащ адыгей тхакIуэ, драматург, зэдзэкIакIуэ **Цей Ибрэхьим.**

♦ **1899 гъэм** къалъхуащ пшынауэ Iэзэ, РСФСР-мрэ КъБАССР-мрэ я цIыхубэ артисткэ **Къашыргъэ КIурацэ.**

♦ **1925 гъэм** къалъхуащ Тхыдэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессору щыта, КъБР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Медалы Хьэчим.**

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 7 - 9, жэщым градус 1 - 2 щыхъунущ.

**ЩIышылэм и 12,**
*бэрэжьей*

♦ **Урысей Федерацэм и прокуратурэм и лэжьакIуэм и махуэщ.** 1722 гъэм Пётр Езанэм къэрал органыщIэ – Урысейм и прокуратурэр – къызэригъэпэщащ. Урысейм и япэ прокурору ягъэуват Ягужинский Павел.

♦ **1922 гъэм** Къэрэшей-Шэрджэс АО-р къэунэхуащ.

♦ **1916 гъэм** къалъхуащ техникэ щIэныгъэхэм я доктор, РСФСР-м щIыхь зиIэ и егъэджакIуэ **Къатхъэн Чэрим.**

♦ **1948 гъэм** къалъхуащ ЩIДАА-м и академик, Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм и Жылагъуэ палатэм хэт, Урысейм ис адыгэхэм я лъэпкъ-щэнхабзэ автономием и унафэщI **Уэхъутэ Александр.**

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 4 - 8, жэщым 1 градус щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар*
**ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.**

**Лъэпкъ Iущыгъэ:**
**Вы хьэху къозымытынум вы щэгъу ухегъэн.**

# Коронавирусым кIэлъыплъынымкIэ КъБР-м и оперативнэ штабым къет




**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Коронавирусым кIэлъыплъынымкIэ оперативнэ штабым къызэритымкIэ, 2022 гъэм щIышылэм и 9-м ирихьэлIэу КъБР-м COVID-19 узыфэр япкърытмэ зрагъэщIэну цIыху 105895-м тест ятащ. А бжыгъэм щыщу коронавирусыр цIыху 42758-м яIэу къахутащ. Иужьрей жэщ-махуэм къриубыдэу цIыху 84-рэ сымаджэ хъуащ. Вирусыр зыщIэкIахэм ящыщу цIыху 38790-р хъужащ, цIыху 1490-р дунейм ехыжащ.**

ВИРУСЫР зыпкърыту е ар къеузу гурыщхъуэ зыхуащIу сымаджэщхэм цIыху 571-рэ щIэлъщ. Абы щыщу реанимацэм цIыху 87-рэ щыIэщ. ЦIыхуих дунейм ехыжащ.

Кавказ Ищхъэрэм и адрей щIыналъэхэр къапщтэмэ, сымаджэхэм я бжыгъэр мыпхуэдэу къэбгъэлъагъуэ хъунущ:

Ставрополь щIыналъэм – цIыху 127557-рэ (6217-р дунейм ехыжащ);

Дагъыстэным – цIыху 66720-рэ (3232-р дунейм ехыжащ);

Къэрэшей-Шэрджэсым – цIыху 32778-рэ (914-р дунейм ехыжащ);

Осетие Ищхъэрэм – цIыху 31584-рэ (995-р дунейм ехыжащ);

Шэшэным – цIыху 31351-рэ (954-р дунейм ехыжащ);

Ингушым – цIыху 29257-рэ (485-р дунейм ехыжащ).

Псори зэгъусэу коронавирус узыфэр япкърыту Урысейм цIыху 10650849-рэ къыщахутащ. Иужьрей жэщ-махуэм а бжыгъэм цIыху 16246-рэ къыхэхъуащ. Пандемиер къызэрежьэ лъандэрэ цIыху 316163-рэ дунейм ехыжащ, цIыху 9686912-р хъужащ.

***Гу зылъытапхъэ:*** Урысейм Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм и чэнджэщхэм япкъ иткIэ, узыфэр зыпкърытхэр сымаджэщым щагъэгъуэлъыр КТ-м (компьютеркIэ гъуджэ траха нэужь) тхьэмбылым вирусыр еуауэ къигъэлъэгъуа нэужьщ, тестым кърикIуам емылъытауэ.

**ШУРДЫМ Динэ.**

## Гъубж, щІышылэм и 11

**1**

**05.00** Телеканал «Доброе утро»
**09.00** Новости
**09.25** Телеканал «Доброе утро»
**09.50** «Жить здорово!» (16+)
**10.55** «Модный приговор» (6+)
**12.00** Новости
**12.15** «Время покажет» (16+)
**15.00** Новости
**15.15** «Давай поженимся!» (16+)
**16.00** «Мужское / Женское» (16+)
**17.00** «Время покажет» с Артемом Шейниным (16+)
**18.00** Вечерние новости
**18.40** «На самом деле» (16+)
**19.45** «Пусть говорят» (16+)
**21.00** «Время»
**21.30** Т/с «Ищейка». Новый сезон (12+)
**23.35** Мировая Экранизация романа Жюля Верна «Вокруг света за 80 дней» (16+)
**00.30** «Вечерний Ургант». Лучшее (16+)

**РОССИЯ 1**

**05.00** «Утро России»
**09.00** Местное время
